



CUNY LANGUAGE IMMERSION PROGRAM



Administered by the
**OFFICE OF
ACADEMIC
AFFAIRS**

Y2
222-05 56th Avenue
Bayside, NY 11364
Telephone 718.281.5460
www.qcc.cuny.edu/clip/



**Dr. Diana Berkowitz,
Director**

Adriana Kaufman,
College Assistant

Kisa CUNY Language Immersion Program nan ye ?

CUNY Language Immersion Program (CLIP) se yon pwogram ki bay posibilite etidye lang anglè yon fason regilye pandan yon tan konplè (25 èd tan chak semèn) avan yon fason fòmèl ou kòmanse etidye nan kolèj.

Kisa w ap gen pou etidye nan pwogram CLIP la?

Etidyan yo ap gen pou etidye yon anglè akademik, sa vle di fason yo pale lang anglè nan lekòl. Se yon anglè k ap prepare w pou w ka suiv kou nan inivèsite. W ap aprann kouman pou fè lekti, ekri epi tandè ak pale lang angle a byen. W ap gen pou aprann tou teknik pou w etidye byen, fè rechèch ak pran nòt, pou w itilize òdinatè ak pran ekzamen.

Kiyès ki ka vini nan pwogram CLIP la?

Pwogram CLIP la fèt pou etidyan premye lane ki deja jwenn admisyon nan CUNY epi ki bezwen èd onivo lang anglè avan yo rantre nètalkole nan Kolèj. Pwogram CLIP la louvri tou pou etidyan ki pa rive pase klas anglè nan kolèj.

Ki avantaj pwogram CLIP la bay ?

Pwogram nan ofri 4 gwo avantaj :

- Ou pa bezwen itilize èd finansye ou genyen
- Antre nan kolèj vin otomatik
- Li bay posibilite pou sibi ekzame nantre yon lòt fwa
- Laboratwa enfòmètik disponib

Kiyès ki pwofesè nan pwogram CLIP la?

Pwofesè CLIP yo gen bon jan konpetans epi chaje eksperyans nan aprann moun anglè kòm dezyèm lang onivo akademik.

Eske gen gadri timoun lè w nan klas?

Wi. Depi w se etidyan CLIP, gen yon sant ki la pou akeyi timoun ou genyen. Men sant k ap akeyi timoun yo gen prensip fonksyonman pa l.

Konbyen tan ou gen pou pase nan pwogram CLIP la?

Pwogram etidyan yo dwe suiv gen 3 pati ki dire 900 èd tan. Apre 3 pati pwogram nan, etidyan ap retounen kolèj

Eske ka gen difikilte pou retounen nan kolèj lè pwogram CLIP la fini?

Non. Etidyan yo resevwa tout èd ki nesèsè pou yo rive nan kolèj san pwoblèm.

Kilè klas yo ap fèt?

Kou regilye yo fèt : sòti lendi rive vandredi, 9 vè nan maten pou 2 zè 30 nan aprèmidi

Pou peryòd Ete: se lendi rive jedi, 8tè30 nan maten pou 2zè45 nan aprèmidi

Kilè sesyon ap kòmanse epi fini?

Peryòd Ete 2008: sòti 23 jen rive 1 out. Sesyon sa a ap dire 6 semèn

Peryòd Otòn 2008: sòti 8 septanm rive 23 desanm. Se yon semès konplè.

Peryòd Prentan 2009: sòti 29 janvyè rive 5 jen. Se yon semès konplè.



Kòman pou w enskri nan pwogram CLIP la ?

Enskripsyon pou peryòd Ete fèt nan mwa jen, pou peryòd Otòn se nan mwa out epi pou sesyon Prentan se nan mwa janvye enskripsyon an. Ou kapab rele biwo a pou konnen avèk presizyon jou enskripsyon yo ap fèt. Lè wa vin enskri, men ki dokiman pou w pote :

- Lèt admisyon nan CUNY
- Rezilta ekzamen antre nan CUNY
- Kopi nòt ou genyen si w deja suiv kou nan kolèj
- Lajan pou w peye

Konbyen kòb w ap gen pou w peye nan pwogram CLIP la ?

Moun ki rete NYC : \$180.00 / 15 semèn
 \$ 75.00 / 6 semèn

Moun kip a rete NYC : \$450.00 / 15 semèn
 \$180.00 / 6 semèn

College Discovery and
SEEK students: \$45.00 / 15 semèn
 \$18.00 / 6 semèn


Moun ki resevwa asistans
Piblik: \$45.00 / 15 semèn
 \$18.00 / 6 semèn

Eske w dwe itilize èd finansyè ou genyen pou peye pwogram CLIP?

Non. Ou pa gen pou itilize lajan èd finansyè ou genyen pandan tan w ap pase nan pwogram CLIP la. Lajan an ap rete pou lè w pare pou rantre nan kolèj.

Kijan nou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram CLIP la?

Ou kapab rele biwo nou nan telefòn (718) 281-5460 oubyen pase nan lokal Y-2 Queensborough nan sal # 2.



We are here!

Kijan pou w rive nan Queensborough Community College ?

Queensborough chita nan Bayside, avni 56 ant Springfield ak Cloverdale (233rd St.) Boulevard.

Si w ap vini nan machin pa w: se pou w pran sòti Springfield Blvd. LIE. W ap kontinye sou Springfield pou rive nan avni 56. Queensborough twouve l anfas Lekòl Siperyè Benjamin Cardozo.

Si se bis w ap pran: Apati Flushing, pran Q27 nan Main Street pou rive Springfield Blvd ak avni 56. Apati Jamaica, pran Q30 pou rive Springfield Blvd. epi mache pou rive nan avni 56, vire adwat pou jwenn kolèj la anfas Lekòl Siperyè Benjamin Cardozo.

Si w ap pran bis apati Konte Nassau: pran N20, N21 pou rive Northern Blvd. ak ri 223 (Cloverdale Blvd.). Ou dwe mache sou 223 a pou rive nan kolèj la nan avni 56.

QUEENSBOROUGH **CUNY**
COMMUNITY COLLEGE **NY**

222-05 56th Avenue, Bayside, NY 11364

CUNY Language Immersion Program

CLIP